**दिन–बुधवार** **दिनांक–20.08.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बाईस अगस्त कँ गयाजी मे आयोजित समारोहक दरमियान औंटा–सिमरिया पुल परियोजनाक उद्‌घाटन करताह। ई पुल देशक सभ सँ चौड़ा छओ लेनक पुल होयत। एकर चौड़ाई करीब चौंतीस मीटर अछि। गंगा नदी पर बनल लगभग दू किलोमीटर लंबा एहि पुल सँ पटना जिला सीधा तौर पर मोकामा आओर बेगूसराय जिला सँ जुड़ि जाएत। ई पुल दू लेनवला पुरान रेल–सह–सड़क पुल राजेन्द्र सेतुक समानांतर बनाएल गेल अछि। एहि नब पुल सँ उत्तर आओर दक्षिण बिहारक मध्य, दूरी लगभग एक सौ किलोमीटर तक घटि जाएत। ई परियोजना खासतौर सँ भारी वाहन सभक यात्राकँ सुगम बनाएत। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहि परियोजनाक आधारशिला दू हजार सत्रह मे रखने छलाह। एहि समारोहक दरमियान प्रधानमंत्री उन्नैस सौ करोड़ टाकाक लागति सँ बनल राष्ट्रीय उच्चपथ–एकतीसक बख्तियारपुर–मोकामा सड़क आओर बक्सर मे छओ हजार आठ सौ करोड़ टाका सँ बेसीक लागति सँ बनल थर्मल पावर प्लांटक उद्‌घाटन सेहो करताह। एकरा संगहि मुजफ्फरपुर मे नवनिर्मित होमी भाभा कैंसर अस्पताल आओर अनुसंधान केन्द्र, देशकँ समर्पित करताह। प्रधानमंत्री औरंगाबादक दाउदनगर, जहानाबाद, लखीसरायक बड़हिया आओर जमुई मे जल निकासी योजनाक शिलान्यास सेहो करताह।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार राज्यक बारह जिला सभक बाढ़ि प्रभावित परिवार सभकँ सात हजार टाका प्रति परिवारक दरसँ अनुग्रह राहत राशिक भुगतानक शुभारंभ कएलनि। पटनाक संकल्प भवन मे आयोजित कार्यक्रमक दरमियान मुख्यमंत्री छओ लाख एकावन हजार छओ सौ दू टा प्रभावित परिवार सभकँ डीबीटीक माध्यम सँ अनुग्रह राशिक भुगतान कएलनि। कार्यक्रम कँ संबोधित करैत श्री कुमार कहलनि जे तेरह आओर चौदह अगस्त कँ बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र सभक सर्वेक्षण कएलाक बाद लोकसभ तक राहत राशि तुरंत पहुंचेबाक फैसला कएल गेल अछि। ओ कहलनि जे सितम्बर महीना मे सेहो राज्यक किछु भाग सभ मे बाढ़िक स्थिति भऽ सकैत अछि। एकरा देखैत अधिकारी सभकँ सतर्कता बरतबाक निर्देश देल गेल अछि।

———————————————————————————

इलेक्ट्रॉनिकी आओर सूचना प्रौद्योगिकी मंत्री अश्विनी वैष्णव आइ लोकसभा मे ऑनलाइन गेमिंग प्रोत्साहन आओर विनियमन विधेयक दू हजार पच्चीस पेश कएलनि। श्री वैष्णव कहलनि जे एकर उद्देश्य ई–खेल सभकेँ आओर ऑनलाइन सोशल गेम सभकेँ बढ़ावा देबाक एवं पैसा लऽकऽ देल जायवला खतरनाक ऑनलाइन गेमिंग सेवा सभ, विज्ञापन आओर ओकरा सँ जुड़ल वित्तीय लेन–देन पर रोक लगाएब अछि। संगहि एहि खेल सभसँ जुड़ल प्रभाव सँ विशेष कऽ यूवा सभ आओर वंचित लोककेँ सुरक्षा प्रदान करब अछि। ओ कहलनि जे ई विधेयक देशक सुरक्षा आओर संप्रभुता आओर वित्तीय प्रणालीक अखंडताक सुरक्षा करत।

———————————————————————————

चुनाव आयोग कहलक अछि जे एक अगस्त केँ जारी मतदाता सूची पर बीस दिन बाद सेहो एखन धरि कोनो राजनीतिक दल दावा आपत्ति दर्ज नहि करौलक अछि। मुख्य निर्वाचन अधिकारी विनोद सिंह गुंजियाल बतएलनि जे प्रारूप प्रकाशनक बाद एखन धरि साठि हजार दस निर्वाचक सभसँ सीधा दावा आपत्तिक आवेदन प्राप्त भेल अछि। एहि मे सँ दू हजार तीन सौ चौरानवे मामिलाक निपटारा कऽ देल गेल अछि। एकरा संगहि अठारह बरख आओर बेसीक उम्रक एक लाख अंठानवे हजार सँ बेसी नव मतदाता लोकनि सूची मे अपन नाम जोड़बाक लेल आवेदन देलनि अछि।

———————————————————————————

राज्य मे करीब चौरासी लाखा प्रधानमंत्री जन धन योजनाक खाता सभक सत्यापन कएल जाएत। योजनाक लाभुक सभकेँ तीस सितम्बर तक अपन बैंक खाता सभक सत्यापन के.वाई.सी कराएब अनिवार्य कऽ देल गेल अछि। राज्य स्तरीय बैंकर्स समितिक संयोजक आओर भारतीय स्टेट बैंक पटना मंडलक मुख्य महाप्रबंधक अनुराग जोशी संवाददाता सभसँ बातचीत मे बतएलनि जे के.वाई.सी नहि करएला पर खाता बंद कऽ देल जाएत। श्री जोशी बतएलनि जे एकटा अभियान चला कऽ पंचायत सभ मे शिविरक माध्यमे पीएम जन धन बैंक खाता खोलबाक, पीएम जीवन ज्योति बीमा योजना , अटल पेंशन योजना आओर पीएम सुरक्षा बीमा योजनाक लेल नामांकन लेल जा रहल अछि।

———————————————————————————

अररिया पुलिस जोगबनी थाना क्षेत्र स्थित एकटा निजी बैंक मे पाँच लाख टाकाक लूटक घटनाक उदभेदन कएलक अछि। एहि संबंध मे कटिहारक कोढ़ा थाना क्षेत्रक जुराबगंज मे मुख्य आरोपी अनीश यादवक घर छापेमारी कऽ लूटक रकम बरामद कऽ लेल गेल अछि। आरोपी सभक गिरफ्तारीक लेल छापेमारी जारी अछि।

---

समस्तीपुर जिलाक कर्पूरी ग्राम स्थित गोखुल कर्पूरी फुलेश्वरी महाविद्यालय मे शराबबंदी सामाजिक सुधारक–मार्ग विषय पर संगोष्ठीक आयोजन कएल गेल।

---

प्रदेशक विभिन्न भाग सभ मे मॉनसून एक बेर फेर सक्रिय भऽ गेल अछि। मौसम विभागक अनुसार अगिला चारि दिन तक बरखाक गतिविधि बनल रहत। विभाग आइ कटिहार आओर किशनगंज जिला मे एक–दू स्थान सभ पर भारी बरखाक अलर्ट जारी कएलक अछि। ओतहि, रोहतास, भभुआ, औरंगाबाद, पटना समेत राज्यक दक्षिण–भाग सभ मे कतेको स्थान सभ पर मेघगर्जन, वज्रपात आओर चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक रफ्तार सँ तेज हवा चलबाक संभावना अछि।

---

समाप्त भेल।